

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Upacara tradisi ngaruat Coblóng mangrupa salasahiji tradisi masarakat Kampung Cirateun nu masih kénéh aya nepi ka kiwari. Ieu upacara tradisi ngaruat Coblóng dilaksanakeun saban taun dina bulan Syawal. Sakabéh RT nu aya di Kampung Cirateun milu ilu-biung kana ieu upacara tradisi.

Kabiasaan warga Kampung Cirateun ngayakeun kagiatan tradisi upacara ngaruat Coblóng geus aya dina mangsa puluhan taun ka tukang. Dina prak-prakanna, masarakat Kampung Cirateun sarumanget kalayan daria dina ngayakeun ieu upacara. Sabab, saupama ieu upacara teu diayakeun atawa teu dilaksanakeun, numutkeun sesepuh katurunan langsung ti Éyang Ngabeui, Kampung Cirateun hususna bakal meunang mamala nu kacida pikahariwangeunna. Mamalana nyaéta saluran irigasi nu diwangun ku Éyang Ngabeui baheula, caina bakal saat saupama teu diayakeun upacara tradisi ieu.

Upacara dilaksanakeun dina sababaraha tahap, nyaéta babadamian, béwara, muguhkeun, jeung mera. Tapi, dina prak-prakanna aya tahapan séjén nu kudu dilaksanakeun ogé, saperti ayana tahap kerja bakti (ngabersihan jalan jeung ngabersihan makam Éyang Ngabeui), aleut-aleutan, ngalungsurkeun, nyimpen pusaka, nyawér, sarta hiburan.

Maksud jeung tujuan dilaksanakeunna upacara tradisi Ngaruat Coblóng, nyaéta:

- 1) Sarana pikeun ngalaksanakeun pamujaan ka Pangéran nu nyiptakeun alam kalayan pangeusina. Masarakat sadar, yén alam katut pangeusina ieu aya nu nyiptakeun jeung boga kawajiban pikeun munajat rasa syukur jeung nganuhunkeun ka Pangéran. Pikeun ngébréhkeun rasa kabungah jeung nganuhunkeun téa, masarakat ngedalkeun jangji yén saupama saluran irigasi

nu diwangun ku Éyang Ngabeui bisa mangpaat pikeun masarakat Kampung Cirateun hususna, baris ngayakeun hiji kagiatan upacara salametan.

- 2) Sarana pikeun ngahormat ka Éyang Ngabeui. Saperti nu disebutkeun, hasil tatanén nu mangrupa pangabutuh dina widang ékonomi masarakat Kampung Cirateun kalayan ngamangpaatkeun saluran irigasi pikeun kabutuhan sapopoé masarakat Kampung Cirateun. Masarakat moal bisa ngarasakeun kabéh mangpaat nu bieu disebutkeun saumpama baheula Éyang Ngabeui teu ngawangun saluran irigasi pikeun kabutuhan sapopoé. Cai anu ngocor téh kudu dimangpaatkeun sacara bener tur hadé. Saupamana dipaké teu bener, dianggap bakal aya wawalas ti Éyang Ngabeui.
- 3) Sarana pikeun nyumponan amanat dina raraga meunangkeun kabarokahan ti nu Maha Kawasa. Hal ieu téh méré mangpaat nu kalintang gedé pikeun kalumangsungan hirup. Ku kituna masarakat Kampung Cirateun hususna miharep nu Maha Kawasa deukeut jeung masarakat sangkan kabarokahan tetep ngocor ngagolontor ka masarakat Kampung Cirateun.

Upacara tradisi Ngaruat Cobleng mibanda ajén-inajén penting pikeun palakuna. Salasahijina ajén-inajén sosial nu kalintang penting pikeun masarakat Kampung Cirateun, nyaéta: musawarah, gotong-royong, persatuan jeung kesatuan, kesetiakawanan sosial, komunikasi, jeung nu paling utama nyaéta ngaraketkeun tali silaturahmi. Ajén-inajén ieu teu kabéh katémbong langsung sarta dihaja, tapi sacara henteu sadar masarakatna sorangan nu nyiptakeun éta ajén.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén upacara tradisi ngaruat Cobleng kudu dijaga tur dimumulé ka masarakat sangkan henteu tumpur sabab dina upacara tradisi Ngaruat Cobleng kasampak ajén-inajén sosial pikeun masarakat nu kacida pentingna pikeun kahirupan di masarakat. Ieu hasil panalungtikan ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

5.2 Rékomendasi

Migi Isna Januar, 2014

Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sanggeus ngaréngsékeun panalungtikan upacara tradisi ngaruat Coblong, nu nyusun miharep pisan hasil ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban pangaweruh nu maca, hususna ngeunaan tradisi-tradisi nu aya di masarakat tatar Sunda. Ku sabab kitu, nu nyusun méré saran ka sababaraha pihak, di antarana ka pihak lembaga pendidikan, pihak guru, pihak siswa, sarta pihak masarakat.

1) Pihak Lembaga Pendidikan

Dumasar kana hasil panalungtikan, upacara tradisi ngaruat Coblong bisa dijadikeun bahan pangajaran, sabab salian tina déskripsi ngeunaan tradisi upacara ngaruat Coblong ogé aya ajén-inajén nu bisa diajarkeun.

2) Pihak Guru

Hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun guru sangkan siswa apal tur nyaho ngeunaan upacara tradisi ngaruat Coblong sarta ajén-inajén nu nyangkaruk dina ieu upacara tradisi. Guru kudu bisa ngadéskripsikeun ngeunaan tradisi upacara ngaruat Coblong sangkan babari kacangking ku siswa.

3) Pihak Siswa

Siswa dipiharep wanoh kana kabudayaan sorangan hususna kabudayaan nu aya di tatar Sunda sarta kudu bisa ngajaga tur ngamumulé éta kabudayaan.

4) Pihak Masarakat

Masarakat kudu bisa nyangking naon maksud jeung tujuan diayakeunna upacara tradisi ngaruat Coblong. Komo deui supama masarakat nepi ka bisa nyokot hal-hal nu positif sarta bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.